



Pou Piblikasyon Imedya: 22/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU GWO MEZI EGZEKITIF KONTE  
ERIE A YO, MARK POLONCARZ, POU ANPECHE PWOPAGASYON COVID-19  
NAN LWÈS NEW YORK**

"Mwen vle felisite Egzekitif Konte Erie a, Mark Poloncarz, dèske li pran gwo mezi jodi a pou ede anpeche pwopagasyon COVID-19 la nan Lwès New York. Sa se yon egzanp lidèchip nou dwe wè nan nivo lokal la pou konbat viris mòtèl sa a.

"Nan kad angajman kontinyèl nou an avèk lidè lokal yo, mwen te pale avèk egzekitif konte yo yè nan chak rejyon nan eta a pou tande plan yo dirèkteman pou konbat varyant Delta a ak angaje resous nan Eta a yo ak sipò pou fè vaksen ak dòz siplemantè yo ankò pi disponib plis kote pandan n ap apwòche sezon fèt la.

"Evite yon pik nan ivè sa a avèk zouti nou konnen yo pral ede sispann pwopagasyon COVID-19 la: Pran vaksen an, pran dòz siplemantè a si ou te deja vaksinen epi mete yon mask lè ou nan espas piblik ki fèmen. Pa ranwaye li ankò".

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)